

Mathematics: Applications and Concepts

Course 1

Glossary Term	Tèm kreyòl	Paj	Chapit	Definisyon
Acute angle	Ang egi	506	13	Yon ang ki pi gran pase 0° men ki pi piti pase 90°
Addition property of equality	Pwopriyete adisyon nan ekwasyon	334	9	Si nou ajoute yon menm nonm nan de manb yon ekwasyon, de manb yo rete egal
Additive identity	Idantite pou adisyon	334	9	Sòm kelkeswa nonm ak zewo se nonm la
Algebra	Aljèb	28	1	Yon langaj matematik ki itilize senbòl, ki pi souvan se lèt, ak nonm. Lèt yo ranplase nonm ki enkonni.
Algebraic expression	Ekspresyon aljebrik	28	1	Yon konbinezon varyab ak nonm epi o mwen yon operasyon
Angle	Ang	506	13	De demi dwat ki genyen menm orijin fòm yon ang.
Area	Sifas	39	1	Kantite inite sifas ki nesèsè pou kouvri rejyon yon figi jeometrik limite.
Associative property	Asosyativite	334	9	Jan nou gwoupe nonm yo lè nap fè adisyon osnon multiplikasyon pa chanje sòm la osnon pwodwi a.
Average	Mwayèn	76	2	Sòm de osnon plizyè kantite divize pa nonm kantite yo.
Bar graph	Dyagram baton	56	2	Yon grafik ki itilize ba pou konpare divès kantite. Wotè osnon longè ba yo reprezante yo kantite byen detèmine.
Base	Baz	18	1	Nan yon fòm eksponansyèl, nonm yo itilize tankou faktè. Nan 10^3 , baz la se 10. Sa vle di $10^3 = 10 \times 10 \times 10$
Base	Baz	546	14	Yon nan kote yon paralelogram.
Base	Baz	564	14	Nan yon figi ki genyen twa dimansyon, baz yo se fas ki swa anwo osnon anba figi a.
Bisect	Pataje an de mwaye	515	13	Separe yon bagay an de pati egal ego.

Glossary Term	Tèm kreyòl	Paj	Chapit	Definisyon
Center	Sant	161	4	Yon pwèn ki nan menm distans ak tout pwèn sou yon sèk osnon yon esfè.
Center	Sant	565	14	Yon pwèn ki nan menm distans ak tout pwèn sou yon esfè.
Centimeter	Santimèt	476	12	Yon nan inite pou mezire longè nan sistèm metrik la. Yon santimèt egal yon santyèm yon mè.
Circle	Sèk	161	4	Ansanm tout pwèn nan yon plan ki nan menm distans ak yon pwèn andedan sèk la yo rele sant .
Circle graph	Dyagram sikilè	62	2	Yon grafik yo itilize pou konpare pati ki fòm yon ansanm. Sèk la reprezante ansanm la. Li divize an diferan mòso.
Circumference	Sikonferans	161	4	Distans otou yon sèk
Clustering	Gwoupman	117	3	Yon metòd yo itilize pou fè estimasyon kote yo awondi tout nonm ki pre yon menm valè a pa valè sa
Coefficient	Koyefisyan	350	9	Nonm ki miltipliye yon tè ki genyen yon varyab ladan li.
Common multiples	Miltip komen	194	5	Miltip de osnon plizyè nonm genyen ansanm. Pa ekzanm kèk miltip komen 2 ak 3 se 6, 12, 18
Commutative property	Komitativite	334	9	Lòd nou fè adisyon osnon miltiplikasyon pa chanje sòm la osnon pwodwi a.
Compatible numbers	Nonm konpatib	256	7	Nonm ki fasil pou divize mantalman.
Complementary	Konplemantè	507	13	De ang konplemantè lè sòm mezi yo egal 90° .
Complementary events	Evènman konplemantè	429	11	De evènman kote yon osnon lòt la fèt pou rive men kote tou lè de pa kapab rive ansanm. Sòm pwobabilite yo se 1.
Composite number	Nonm konpoze	14	1	Yon nonm antye ki pi gran pase 1 epi ki genyen plis pase de faktè.
Cone	Kone	565	14	Yon figi tridimansyonèl ki genyen yon sifas koub, yon baz sikilè epi yon some.
Congruent	Egal	515	13	Ki genyen menm mezi.
Congruent figures	Figi sipèpozab	534	13	Figi ki genyen menm fòm epi menm dimansyon.

Glossary Term	Tèm kreyòl	Paj	Chapit	Definisyon
Coordinate plane	Plan koòdone	320	8	Yon plan kote yon dwat nimerik orizontal kwaze ak yon lòt dwat nimerik vètikal nan orijin yo
Coordinate system	Sistèm katezyen	320	8	Yon plan kote yon dwat nimerik orizontal kwaze ak yon lòt dwat nimerik vètikal nan orijin yo.
Corresponding parts	Pati omològ	535	13	Pati ki koresponn nan figi ki egal.
Cross products	Pwodwi kwaze	386	10	Pwodwi tèm ki fòm dyagonal yo lè nap konpare de rapò. Si pwodwi ekstrèm egal pwodwi mwayen alò rapò yo fòm yon pwopòsyon.
Cubed	Okib	18	1	Pwodwi kote yo itilize you nonm tankou faktè twa fwa. 2 okib se 8 paske $2 \times 2 \times 2 = 8$
Cubic units	Inite kibik	570	14	Inite yo itilize pou mezire volim. Yo endike kantite kib ki genyen yon dimansyon done kap nesèsè pou ranpli yon figi tridimansyonèl.
Cup	Kèp	470	12	Yon inite pou mezire volim nan sistèm koutimye a ki egal 8 ons likid
Cylinder	Silend	565	14	Yon figi tridimansyonèl kote tout sifas yo awondi epi ki genyen de baz sikilè .Li pa genyen somè
Data	Done	50	2	Enfòmasyon, ki le pli souvan se nonm, yo rasanble pou fè estatistik.
Degree	Degre	506	13	Inite pou mezire ang ki pi komen.
Diameter	Dyamèt	161	4	Longè liy dwat ki relye de pwen yon sèk epi ki pase nan sant sèk la.
Distributive property	Distribitivite	333	9	Pou multipliyè yon nonm ak yon sòm, multipliyè chak tèm sòm la ak nonm ki deyò parantèz la epi fè sòm pwodwi yo.
Divisible	Divizib	10	1	Yo di yon nonm antye divizib pa yon lòt si rès lè yo divize pwemye nonm ak dezyèm la se zewo.
Edge	Arèt	564	14	Entèseksyon fas yon figi tridimansyonèl.
Equation	Ekwasyon	34	1	Yon fraz matematik ki genyen yon siy egal, =.
Equal sign	Siy egal	34	1	Senbòl egalite, =
Equilateral triangle	Triyang ekilateral	523	13	Yon triyang kote tou lè twa kote yo egal epi tou lè twa ang yo egal.
Equivalent decimals	Desimal ekivalan	109	3	Nonm ki reprezante yon menm valè.

Glossary Term	Tèm kreyòl	Paj	Chapit	Definisyon
Equivalent fractions	Fraksyon ekivalan	182	5	Fraksyon ki reprezante yon menm nonm.
Equivalent ratios	Rapò ekivalan	381	10	Rapò ki genyen menm valè.
Evaluate	Evalye	29	1	Pou jwenn vale yon ekspresyon aljebrik, ranplase varyab yo ak nonm.
Even number	Nonm pè	10	1	Yon nonm antye 2 divize san rès.
Event	Evènman	428	11	Yon rezilta espesifik osnon yon sèt rezilta.
Expanded form	Fòm devlope	103	3	Sòm pwodwi chak chif ak valè pozisyonèl chif la.
Exponent	Ekspozan	18	1	Nan yon fòm eksponansyèl, nonm fwa yo itilize baz la tankou yon faktè.
Face	Fas	564	14	Sifas plat yon figi tridimansyonèl.
Factor	Faktè	14	1	Yon nonm antye ki divize yon lòt nonm antye sans rès.
Fluid ounces	Ons likid	470	12	Yon inite pou mezire volim nan sistèm koutimye a.
Foot	Pye	465	12	Yon inite pou mezire longè nan sistèm koutimye a ki egal 12 pous.
Formula	Fòmil	39	1	Yon ekwasyon ki montre relasyon ant sèten kantite.
Frequency table	Tablo frekans	50	2	Yon tablo ki pèmèt òganize yon ansanm done epi ki montre konbyen fwa chak bagay osnon chak nonm parèt
Front –end estimation	Estimasyon ak pwemye chif	117	3	Yon metòd pou fè estimasyon kote yo adisyone osnon soustrè pwemye chif yo an pwemye epi yo rekòmanse ak chif ki koresponn nan valè pozisyonèl ki swiv yo.
Function	Fonksyon	362	9	Yon relasyon kote chak eleman nan ansanm sous la marye avèk ekzakteman yon sèl eleman nan ansanm imaj la.
Function rule	Règ fonksyon	362	9	Yon ekspresyon ki dekri relasyon ant chak valè eleman nan sous la epi chak valè eleman korespondan nan ansanm imaj la.
Function table	Tablo yon fonksyon	362	9	Yon tablo kote yo òganize valè antre yo, règ fonksyon a epi valè imaj yo.
Gallon	Galon	470	12	Yon inite pou mezire volim nan sistèm koutimye ki egal kat ka.
Gram	Gram	484	12	Inite de baz pou mezire mas nan sistèm metrik la.
Graph	Grafik	56	2	Yon mwayen vizyèl pou montre done.

Glossary Term	Tèm kreyòl	Paj	Chapit	Definisyon
Graph	Plase yon antye relatif	295	8	Pou plase yon antye relatif sou dwat nimerik la, mete yon pwen sou dwat nimerik la nan anplasman nonm la.
Greatest common factor(GCF)	Pi gran faktè komen (PGFK)	177	5	Pi gran faktè de osnon plizyè nonm genyen an komen PGFK 24 ak 30 se 6
Height	Wotè	546	14	Pi piti distans ant baz yon paralelogram epi some opozea.
Heptagon	Eptagòn	522	13	Polygòn ki genyen sèt kote.
Hexagon	Ekzagòn	522	13	Polygòn ki genyen sis kote.
Horizontal axis	Aks orizontal	56	2	Aks kote yo montre kategori yo nan yon dyagram baton osnon yon diagram an lij
Hour	Lè, è, èdtan	494	12	Inite tan yo itilize pi souvan. Genyen 60 minit nan yon èdtan, epi genyen 24 èdtan nan yon jounen.
Improper fraction	Ekspresyon fraksyonè	186	5	Yon fraksyon kote nimeratè a pi gran osnon egal ak denominatè a. Valèfraksyon a pi gran pase 1 osnon egal 1.
Inch	Pous	465	12	Yon inite pou mezire longè nan sistèm koutimye a. Douz pous egal yon pye
Independent event	Evènman endepandan	450	11	De osnon plizyè evènman kote rezilta yon pa afekte rezilta lòt yo.
Integers	Antye relative	294	8	Ansanm nonm antye ak nonm opoze yo ...-3, -2, -1, 0, 1, 2, 3....
Interval	Entèval	50	2	Diferans ant de valè konsekitif sou yon echèl.
Inverse operations	Operasyon envès	339	9	Operasyon yon defèt lòt.
Isosceles triangle	Triyang izosèl	523	13	Yon triyang kote o mwen de kote egal.
Key	Lejand	72	2	Yon ekzanp done yo itilize pou eksplike tij yo ak fèy yo.
Kilogram	Kilogram	484	12	Yon inite pou mezire mas nan sistèm metrik la. Yon kilogram egal mil gram
Kilometer	Kilomèt	476	12	Yon inite pou mezire longè nan sistèm metrik la. Yon kilomèt egal mil mè
Lateral face	Fas lateral	564	14	Yon nan fas yon figi tridimansyonèl.

Glossary Term	Tèm kreyòl	Paj	Chapit	Definisyon
Least common denominator	Pi piti denominatè komen (PPDK)	198	5	Pi piti miltip komen denominatè de osnon plizyè fraksyon.
Least common multiple(LCM)	Pi piti miltip komen(PPMK)	194	5	Pi piti nan miltip komen de osno plizyè nonm PPMK 2 ak 3 se 6.
Leaves	Fèy	72	2	Chif ki reprezante inite yo. Yo ekri li a dwat lij vètikal nan dyagram tij ak fèy la.
Like fractions	Fraksyon sanblab	228	6	Fraksyon ki genyen menm denominatè.
Line graph	Grafik an liy	56	2	Yon grafik yo itilize pou montre evolisyon done yo an fonksyon tan.
Line of symmetry	Lij simetri	528	13	Yon liy ki divize yon figi an de mwaye. Yon mwaye se refleksyon lòt mwaye a.
Line symmetry	Simetri bilateral	528	13	Yon figi simetrik pa rapò yon lij lè de mwaye figi a sipèpozab.
Liter	Lit	485	12	Inite de baz pou mezire kapasite nan sistèm metrik la. Yon lit yon ti jan pi gran pase yon ka
Mean	Mwayèn	76	2	Sòm tout nonm nan yon ansanm divize nonm done ki nan ansanm la.
Measure of central tendency	Mezi tandans santral	76	2	Yon nonm ki pèmèt dekri tout done ki nan yon ansanm done.
Median	Medyann	80	2	Nonm ki nan mitan yon ansanm done ki nan lòd. Si genyen yon nonm done ki pè, medyann la se mwayèn de nonm ki nan mitan ansanm la.
Meter	Mèt	476	12	Inite de baz pou mezire longè nan sistèm metrik la.
Metric system	Sistèm metric	476	12	Yon sistèm desimal pwa ak mezi.Inite de baz pou mezire longè se mèt, inite de baz pou mezire pwa se gram, inite de baz pou mezire volim se lit
Mile	Mil	465	12	Yon inite pou mezire longè nan sistèm koutimye. Yon mil egal 5280 pye osnon 1760 yad.
Milligram	Miligram	484	12	Yon inite pou mezire mas nan sistè metrik la. Yon miligran egal yon milyèm yon gram.

Glossary Term	Tèm kreyòl	Paj	Chapit	Definisyon
Milliliter	Mililit	485	12	Yon inite pou mezire kapasite nan sistèm metrik la. Yon mililit egal yon milyèm yon lit.
Millimeter	Milimèt	476	12	Yon inite pou mezire longè nan sistèm metrik la. Yon milimèt egal yon milyèm yon mè.
Minute	Minit	494	12	Yon inite yo itilize pou mezire tan pi souvan. Genyen 60 segond nan yon minit.
Mixed number	Nonm fraksyonè	186	5	Sòm yon nonm antye ak yon fraksyon. $1\frac{1}{2}$, $2\frac{3}{4}$, $4\frac{5}{8}$ se nonm fraksyonè.
Mode	Mòd	80	2	Nonm osnonm bagay ki parèt pi souvan nan yon ansanm done.
Multiple	Miltip	194	5	Pwodwi nonm la ak nenpòt lòt nonm antye.
Multiplicative identity	Eleman neut pou miltiplikasyon	334	9	Pwodwi kelkeswa nonm ak 1 se nonm la.
Negative integer	Antye relative negative	294	8	Yon antye relatif ki pi piti pase zewo.
Numerical expression	Ekspresyon nimerik	24	1	Yon konbinezon nonm ak operasyon.
Obtuse angle	Ang obti	506	13	Yon ang ki gran pase 90° men ki pi piti pase 180° .
Octagon	Oktagòn	522	13	Yon polygòn ki genyen 8 kote.
Odd	Enpè	10	1	Yon nonm antye 2 pa ka divize san rès.
Opposites	Opoze	296	5	De antye relatif opoze si genyen menm distans ant zewo epi pwen ki reprezante yo sou dwat nimerik la men yo pa nan menm direksyon. Sòm de nonm opoze se zewo.
Ordered pair	Koup	320	8	Yon pè nonm yo itilize pou reprezante yon pwen nan plan katezyen a. Yo ekri koup tankou: (absis, òdone).

Glossary Term	Tèm kreyòl	Paj	Chapit	Definisyon
Order of operations	Lòd oprasyon yo	24	1	Règ ki dikte nan ki lòd pou fè operasyon yo lè genyen plis pase yon operasyon 1) Senplifye tout ekspresyon ki an dedan senbòl gwoupman tankou parantèz 2) Jwenn valè tout pwisans yo 3) Fè tout multiplikasyon ak tout divizyon nan lòd de gòch a dwat 4) Fè tout adisyon ak tout soustraksyon nan lòd de gòch a dwat.
Origin	Orijin	320	8	Pwen entèseksyon ant aks X epi aks Y nan sistèm koòdone
Ounce	Ons	471	12	Yon inite pou mezire mas nan sistèm koutimye a. 16 ons egal yon liv.
Outcomes	Rezilta	428	11	Yon nan bagay ki ka rive nan yon eksperyans nan pwobabilite. Pa ekzanp 4 se yon rezilta lè yo voye yon zo.
Outlier	Done ò nòm	77	2	Yon valè ki swa pi gran anpil osnon pi piti anpil pase lòt valè yon ansanm done
Parallelogram	Paralelogram	523	13	Yon kadrilatè kote pè kote opoze yo paralèl epi egal.
Pentagon	Pentagòn	522	13	Polygòn ki genyen senk kote.
Percent	Pousan	395	10	Rapò ki konpare yon nonm ak 100.
Perimeter	Perimèt	158	4	Distans otou kèlkeswa figi jeometrik ki fèmen.
Perpendicular	Pèpandikilè	515	13	De segman pèpandikilè lè yo fòme yon ang dwa.
Pint	Pent	470	12	Yon inite pou mezire volim nan sistèm koutimye a ki egal 2 kèp.
Polygon	Poligòn	522	13	Yon figi jewometrik plat ki fèmen epi ki genyen twa osnon plis kote.
Population	Popilasyon	438	11	Yon gwoup bagay osnon moun kote yo ka seleksyone echantiyon yo vle konsidere
Positive integer	Antye relatif pozitif	294	8	Yon antye relatif ki pi gran pase zewo.
Pound	Liv	471	12	Yon inite pou mezire mas nan sistèm koutimye ki egal 16 ons.
Power	Pwisans	18	1	Yon nonm yo ka itilize yon ekspozan pou ekri li. Nap li 3^2 tankou 3 pwisans 2 osnon twa okare
Prime factorization	Miz an faktè Pwemye	15	1	Lè yo ekri yon nonm konpoze tankou pwodwi faktè pwemye li yo.
Prime number	Nonm pwemye	14	1	Yon nonm antye ki genyen ekzakteman 2 faktè 1 ak nonm la li menm.

Glossary Term	Tèm kreyòl	Paj	Chapit	Definisyon
Prism	Prism	564	14	Yon figi tridimansyonèl ki genyen de baz polygonal paralèl epi o mwen twa fas lateral rektangilè. Fòm baz yo bay prism la non li.
Proportion	Pwopòsyon	386	10	Yon ekwasyon ki montre de rapò ekivalan $\frac{a}{b} = \frac{c}{d}; b \neq 0, d \neq 0$.
Pyramid	Piramid	564	14	Yon figi solid baz li se yon polygòn epi fas li yo se triyang. Baz la bay piramid la non li.
Quadrants	Kadran	320	8	Kat rejyon de aks pèpandikilè yo delimitè nan plan katezyen a.
Quadrilateral	Kadrilatè	522	13	Yon polygòn ki genyen kat kote.
Quart	Ka	470	12	Yon inite pou mezire volim nan sistèm koutimye a ki egal 2 pent.
Radius	Reyon	161	4	Distans ant sant yon sèk ak kèlkeswa pwen sou sèk la.
Random	Aleyatwa	438	11	Yon rezilta aleyatwa lè tout rezilta yo genyen menm chans pou yo sòti.
Range	Pòte	82	2	Diferans ant pi gran epi pi piti nonm nan yon ansanm done.
Rate	To	82	2	Rapò ant 2 mezi ki genyen de inite diferan.
Ratio	Rapò	380	10	Yon konparezon ant de nonm yo itilize divizyon pou fè. Nou ka ekri rapò ant 2 epi 3 tankou 2sou 3, osnon 2 a 3, 2:3, osnon $\frac{2}{3}$.
Reciprocal	Resipwòk	272	7	De nonm pwodwi yo egal 1. Pwiske $\frac{6}{5} \times \frac{5}{6} = 1$; $\frac{5}{6}$ epi $\frac{6}{5}$ se nonm resipwòk
Rectangle	Rektang	523	13	Yon kadrilatè ki genyen kote opoze li yo paralèl epi egal. Tout ang li yo se ang dwa
Regular polygon	Polygòn regilye	522	13	Yon polygòn ki genyen tout kote li yo egal epi tout ang li yo egal.
Repeating decimal	Devlopman desimal peryodik	207	5	Yon nonm desimal genyen yon devlopman peryodik lè chif ki fòmè pati decimal la genyen yon osnon yon gwoup chif kap repete. Nou ekri 0.181818 tankou 0.18ak yon ba sou 18 pou montre ke lap repete.
Rhombus	Lozanj	523	13	Yon paralelogram kote tout ang yo egal epi tout kote yo egal.
Right angle	Ang dwa	506	13	Yon ang ki mezire 90°.
Rotational symmetry	Simetri rotasyonèl	529	13	Yon figi prezante simetri rotasyonèl si lè yo fè li fè yon rotasyon ki mwens pase 360° li idantik avèk figi anvan rotasyon an te fèt

Glossary Term	Tèm kreyòl	Paj	Chapit	Definisyon
Sample	Echantiyon	438	11	Yon gwoup yo seleksyone aleyatwaman pou reprezante yon popilasyon
Sample space	Inivè	433	11	Ansanm tout valè posib nan yon evènman nan pwobabilite
Scale	Domèn	50	2	Ansanm tout valè yon mezi ka pran depi pi piti a jiska pi gran a. Entèval la separe valè ekstrèm yo.
Scale	Echèl	391	10	Rapò ki konpare mezi nan yon desen osnon yon modèl ak mezi Bagay modèl la osnon desen an reprezante.
Scale drawing	Desen a lechèl	391	10	Yon desen ki sanble avèk vre bagay la men ki swa pi piti swa pi gran pase li
Scale drawing	Makèt	391	10	Yon modèl yo itilize pou reprezante yon bagay ki swa Twò gran osnon twò piti pou reprezante nan vre gwosè li.
Scalene triangle	Triyang kèlkonk	523	13	Yon triyang ki pa genyen okenn kote egal.
Scientific notation	Notasyon syantifik	136	4	Yon jan pou ekri yon nonm tankou pwodwi yon nonm ki o mwen 1 men ki pi piti pase 10 ak yon pwisans 10. Pa ekzanp, $6870 = 6.87 \times 10^3$.
Second	Segond	494	12	Yon nan inite tan yo itilize kouramman. Genyen 60 segond nan yon minit.
Sequence	Seri	282	7	Yon list nonm ki ekri nan yon lòd espesifik 1, 2, 3, osnon 2,4,6,8.
Side	Kote	506	13	Yon nan de demidwat ki fòm yon ang.
Similar figures	Figi sanblab	534	13	Figi ki genyen menm fòm men ki pa genyen nesèsman genyen menm dimansyon
Simplest form	Fòm redwi	183	5	Yon fraksyon ekri sou fòm redwi lè PGFK ant nimeratè epi denominate li se 1. $\frac{3}{4}$ se yon fraksyon sou fòm redwi paske PGFK ant 3 epi 4 se 1.
Solution	Solisyon	34	1	Valè yon varyab ki verifye yon ekwasyon. Solisyon $12 = x + 7$ se 5
Solve	Rezoud	34	1	Ranplase yon varyab ak yon nonm ki verifye ekwasyon an.
Sphere	Esfè	565	14	Yon figi tridimansyonèl ki pa genyen ni fas, ni baz, ni kote, ni somè. Genyen menm distans ant tout pwen sou yon esf epi yon sèten pwen ki rele sant esfè a.

Glossary Term	Tèm kreyòl	Paj	Chapit	Definisyon
Square	Kare	523	13	Yon paralelogram ki genyen tout kote li yo egal, tout ang li yo se ang dwa epi kote opoze yo paralèl.
Squared	Okare	18	1	Yon nonm ki multipliyè pa tèt li; $4 \times 4 = 4^2$
Standard form	Fòm estanda	103	3	Nonm ki ekri san pwisans.
Statistics	Estatistik	50	2	Etid koleksyon analiz epi prezantasyon done.
Stem and leaf plot	Dyagram tij ak fèy	72	2	Yon sistèm yo itilize pou kondanse yon ansanm done kote pi gran valè pozisyonèl la fòmè tij la epi vale pozisyonèl swivan an fòmè fèy yo.
Stems	Tij	72	2	Pi gran valè pozisyonèl tout done yo genyen ansanm .Yo ekri li a gòch liy vètikal la nan dyagram tij ak fèy la.
Straight angle	Ang pla	506	13	Yon ang ki mezire ekzakteman 180° .
Subtraction property of equality	Pwopriyete soustraksyon nan ekwasyon	340	9	Si nou soustrè yon menm nonm nan de manb yon ekwasyon,de manb yo rete egal.
Supplementary	Siplemantè	507	13	De ang siplemantè lè sòm yo egal 180° .
Surface area	Sifas total	575	14	Sòm sifas tout fas yon figi tridimansyonèl.
Survey	Ankèt	438	11	Yon kesyon osnon yon ansanm kesyon yo poze pou koleksyone enfòmasyon sou yon gwoup moun byen determine
Tally mark	Mak pou konte	50	2	Yon mwayen pou konte objè kin nan yon gwoup
Terminating decimal	Devlopman desimal fini	206	5	Yon nonm desimal ki genyen yon nonm chif desimal fini. Nou ka ekri tout nonm ki geyen yon nonm chif desimal fini tankou yon fraksyon kote denominatè a se swa 10,100, 1000 etc.
Theoretical probability	Pwobabilite teyorik	428	11	Rapò ant nonm fason yon evènman ka ralize epi nonm tout rezilta posib eksperyans ka bay.
Three-dimensional figure	Figi tridimansyonèl	564	14	Yon figi ki antoure yon mòso espas.
Ton	Tòn	471	12	Yon inite pou mezire mas nan sistèm koutimye a ki egal 2000 liv.
Tree diagram	Dyagram Pye bwa	433	11	Yon dyadram yo itilize pou montre tout rezilta posib lè yo fè yon eksperyans nan pwobabilite.
Triangle	Triyang	522	13	Yon polygòn ki genyen twa kote

Glossary Term	Tèm kreyòl	Paj	Chapit	Definisyon
Two step equation	Ekwasyon de etap	355	9	Yon ekwasyon ki genyen de operasyon.
Unit rate	To initè	381	10	Yon to kote denominatè a se 1
Variable	Varyab	28	1	Yon senbòl, an jeneral yon lèt, yo itilize pou ranplase yon nonm.
Venn diagram	Dyagram Vèn	177	5	Yon dyagram yo itilize pou reprezante eleman ki nan ansanm diferan. Pati yon sèk ki kouvri lòt sèk la reprezante eleman ki nan tou de ansanm yo.
Vertex	Somè	506	13	Orijin komen de demi dwat ki fòme yon ang.
Vertex	Somè	564	14	Pwen entèseksyon fas yon figi tridimansyonèl.
Vertical axis	Aks vètikal	56	2	Aks kote yo reprezante echèl epi entèval yo nan yon dyagram baton.
Volume	Volim	570	14	Kantite espas yon figi tridimansyonèl genyen andan li. Yo itilize inite okib pou eksprime yon volim.
x -axis	Aks X	320	8	Aks orizontal nan de aks pèpandikilè ki fòme plan katezyen a.
x -coordinate	Absis	320	8	Pwemye nonm nan yon koup.
Yard	Yad	465	12	Yon inite pou mezire longè nan sitèm koutimye a ki egal 3 pye osnon 36 pous.
y -axis	Aks Y	320	8	Aks vètikal nan de aks ki fòme plan katezyen a.
y -coordinate	Òdone	320	8	Dezyèm nonm nan koup ki reprezante yon pwen nan plan katezyen a.